

**Ikinyamakuru
ca Ekleziya
Gatolika
Umwaka wa 68
Gisohoka kabiri mu
kwezi
Ikiguzi : 500FBu**

Email: journalndongozi@gmail.com

Facebook : Journal ndongozi y'uburundi Rusizi-
ziramarembe; Twitter: Ndongozi y'Uburundi

NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorerwa muri Ndongozi y'Uburundi.
Avenue de la mission n° 06



«Jewe ndi wa mwungere mwiza»
Jn 10, 11a

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. Fax : (257) 228907 N°769 15 Ruheshi 2022

Ihimbazwa ry'umusi wahariwe ugushigikirana hagati y'Uburundi n'ibihugu vya Buraya

Ku ncuro ya mbere, i Bujumbura, haraye hahimbajwe umusi wahariwe ugushigikirana hagati y'igihugu c'Uburundi n'ibihugu vyunze ubumwe bwa Buraya.

Ibirori vy'uwo musu vya-bereye mu kigo «Jardin Public» bihagarariwe ku ruhande rw'Uburundi n'umushikiranganji Albert Shingiro ajejwe imigenderanire n'ayandi makungu, ugushigikirana n'iterambere,

Soma ku Rup. 5



Foto: Mélance Ndayikeze

“Igikorwa cose kibonekere ku mwimbu, umurundi wese aroranirwe.” (Ibikurikira)

Abakozi ba Ndongozi

Uwujeje uruganda:

* **A. Noël NTIRANDEKURA**

Abamenyeshamakuru:

* **A. Noël NTIRANDEKURA**

* **Mélance NDAYIKEZE**

* **MSV Marie Goreth NDIKUMANA**

Uwujeje ubuhinga:

* **Chanel HARINGANJI**

Umunyamabanga:

* **MSV Marie Goreth NDIKUMANA**

Umunyabigega:

* **MSV Anatolie NIYIMPAYE**

Uwujeje imigenderanire:

* **J. de Dieu NDIKUMANA**

33. None ubwo niko bimeze? Nk'ishirahamwe ry'abigisha rihora rishikiriza ubushikiranganji bw'indero icokorwa kugira urugero rw'ubumwe mu bana bigishwa ruduge? Canke ubwo baraja hamwe n'ubushikiranganji bw'indero ngo berekane isuzumwa ry'ingene abigisha bamerewe ku kazi kabo n'inyishu batora ku bibazo baba bafise?

Ako ni nk'akarorero nta-nze kugira ngo amashira-

hamwe y'abakozi bakorera mu bisata bitandukanye amenye ico ajejwe gukora kuko twabonye ko abayagize hari aho bibagira uruhara rwabo imbere y'abenegihugu, bakibagira ko ari abakozi base-rukira igihugu hanyuma bakigira abari inyuma bajejwe guhangana n'igihugu baserukira.

34. Ubu rero turipfuzane cane ko twohindura ivyiyumviro vya kera vyatubuza kumenya uwo dukorera, hanyuma twu-

mve ko dukorera igihugu duserukira kugira abenegihugu batere imbere mu buzima bwabo. Reka ndabishimangire, uwukorera Reta, ni ukuvuga igihugu, ntiyaje kurondera kwiteza imbere, yaje kurondera guteza imbere ubuzima bw'abenegihugu.

Abo na bo bateye imbere barahaza bagateza imbere itunga rusangi, mbere n'ikigega c'igihugu, ari na co kigaruka

Soma ku Rup. 4

Ibirimwo

o Ihimbazwa ry'umusi wahariwe ugushigikirana hagati y'Uburundi n'ibihugu vya Buraya.....5

o “Igikorwa cose kibonekere ku mwimbu, umurundi wese aroranirwe.”.....6

o Umugambi «Merankabandi», ugiye gukorera mu ntara zose z'igihugu c'Uburundi.....8

o Uburenganzira bw'abenegihugu bwo kwitunganiriza imigambi y'iterambere.....10

Idominika ya 12, Isakramentu Ryeranda, C

Igisomwa ca mbere: Amamuko 14, 14-20

Ivyo dusoma mu gitabu c'Amategeko :

(Melkisedeki yashikaniye Imana umukate n'umuvinyu)

Mu gihe Ibrahimu yava kugwanya ba bami bane, Melkisedeki Umwami wa Shalemi yazanye umukate n'umuvinyu abishikanira Imana, kuko yari umusa-serdoti w'Imana idasumbwa. Mu gukeza Ibrahimu, Melkisedeki yavuze ati : « Abrami, urahagezagirwa n'Imana idasumbwa, Yo yaremye ijuru n'isi. Imana yaguhaye gutsinda abansi no yo nyene iragahezagirwa. » Niho rero Ibrahimu yaca aha Melkisedeki imperezwa mu vyo yatabarukanye.

Igisomwa ca kabiri : 1Abanyakorenti: 11, 23- 26

Ivyo dusoma mw'ikete rya mbere umutumwa Paulo yandikiye Abanyakorenti :

(Igihe cose muzofungura uyo mukate mukanywa ico gikombe, muzomenyeshya urupfu rw' Umukama)

Neuti zanje, jewe Paulo narashikirijwe n'Umukama ico nabashikirije namwe : Umukama Yezu, muri rya joro yafatwa, yakiriye umukate, amaze guken-guruka, arawumanyura, yongera avuga ati : « Iki ni umubiri wanje uza gutangwa ku bwanyu. Ivyo murabigira munyibuka. » Bamaze gufungura, afa-ta igikombe, avuga ati : « Iki gikombe ni Isezerano rishasha ry'amaraso yanje. Igihe cose muzokinywa, murabigire munyibuka. » Koko, ni ivy'ukuri, igihe cose muba muriko murafungura uyo mukate, mukanywa ico gikombe, muba muriko muramenyeshya urupfu rw'Umukama gushika aho azogarukira.

Inkuru nziza : Luka : 9, 11b- 17

Alleluya, Alleluya.

- Umukama yavuze ati : « Jewe ndi wa mukate muzima wavuye mw'ijuru. Uwuriye uwo mukate azokwamaho imyaka yose. »


Alleluya

Ivyo dusoma nkuru nziza twashikirijwe na Luka :

(Umukama agaburira ishengeru ryiwe)

Umunsi umwe, Yezu yariko araganirira ishengeru

ivy'ubwami bw'Imana, abagwaye barimwo akabakiza. Ngo buze gutangura kugoroba, bamwe cumi na babiri baramwegera, bati: “ Erega gira ubarungike bisuhure, baje gusaba indaro baje n'ukurondera ico bararira mu mihana no mu bigwati vya hafi; urabona aha turi mu gahinga.”



Yezu nawe arababarira ati: “Nimubagaburire namwe.” Na bo bati: “Imikate dufise ntirenga itanu n'ifi zibiri....Ubona twebwe twoja gusumira iryo shengeru ryose.” Yezu abwira abigishwa biwe ati: “Bicarike ku migwi mirongo itan'itanu.” Ivyo batumwe barabigira, bose baricara.

Hanyuma Yezu yakira ya mikate itanu na za fi zibiri, arangamira mw'ijuru, arabihezagira, arabimanyura, abihereza abigishwa biwe ngo babigaburire ishengeru. Bararya, barahaga; imisigazwa nay o barayitororokanya: buzuzza ibiseke cumi na bibiri.

**SOMA NDONGOZI
ANDIKIRA NDONGOZI
KUNDISHA NDONGOZI
TERERA NDONGOZI**

Umunsi mukuru w'Isakramentu ryeranda

« Iki ni Umubiri wanje.
Iki ni amaraso yanje »

Bakunzi b'Imana, kuri uyu munsi w'Imana ugira 12 wo mu mwaka w'amasabamana C, uhuriranye n'uko muri Ekleziya duhimbaza umunsi mukuru w'Isakramentu Ryeranda, aho Yezu Kristu yitanga wese, «Umubiri n'amaraso vyiwe », akihereza abamwera bose.

Toma w'i Akwino ati : «Abeza baramuruka, ababi bakamuruka: ariko ivyo bahakura nti-bisa, ni ubuzima canke urupfu. Bibera urupfu ababi, bikabera ubuzima abeza; raba nawe ingene mw'isangira rimwe havuyemwo amaherezo atandukanye. »

Ng'uyo Yezu mw'Isakramentu tugendanira, turirimbira, dutera impundu twigina mu kanyamuneza, ng'uyo uwo duhimbaza uyu munsi kw'isi yose,

Isakramentu ni igikorwa c'urukundo, yagize ku wa 4 mweranda, buca yitanga ku musaraba, ari kumwe n'abatwama biwe, bariko barasangira, abaha itegeko ko bokwama babigira bamwibuka.

Ukaristiya rero ni «Imfungurwa y'ubukiriro bw'abantu» ku bayakirana ukwemera n'umutima usukuye.

Yezu Kristu yaritanze ko Inkuka ku musaraba hamwe yasesa amaraso yiwe kugira ngo isi ironke ubuzima, ibone gukura.



Ku wa kane mweranda, Yezu yakoranije abatumwa biwe, ahengera bariko barafungura, afata umukate, arawumwanura, arakengurukira Imana, arawubahereza avuga ati : « **Nimwaki-re murye mwese : iki ni umubiri wanje ... « Ni munywe mwese : iki ni amaraso yanje, amaraso y'isezerano rishasha, aza guseseka kugira ngo benshi bakire ibicumuro vya-bo »** (Matayo 26,26-28).

Yihereje abigishwa biwe, nabo bamwakiranye ukwemera n'urukundo rwishyamba kuko yari yabanje kubategurira iryo banga mu kubigisha.

Iryo ragi, abatumwa bararihererekanye kuko n'ubu igihe dukoranye mu nkuka y'imisa, nico kiba kidukoranije. Uwo mukate ntaho uhuriye na gato n'umukate tumenyereye kuko aba ari yezu Kristu ubwiwe twakira.

Ubwenge bwacu birabugora gutegeza ingene Umwana w'Imana ashobora kuba mu bishusho vy'umukate n'umuvinyu, igihe turi mu misa ha-

nyuma umusaserdoti agasubiramwo ya majamba Yezu Krstu yavugaga ku wa kane mweranda.

Umweranda Toma w'i Akwino niwe atubwirako ko « ico ubwenge bwacu budashobora gutegeza, n'amaso ntakibone, ukwemera kuragishingira intahe, naho bidahwanye nuko ibintu vyari bisanzwe.

Muri ivyo bishusho bidasa, ari ibimenyetso gusa, atari ivyo bimenyeshya, hihishijemwo amabanga y'agatangaza y'Umukama. »

Igihe rero twakiriye Ukaristiya Nyeranda, tuba twakiriye Yezu Kristu muzima, ngo atugire bazima, adukize irungu, atumare inambu, adukomeze mu rukundo no mu bunywananyi dufitaniye n'Imana.

Ukaristiya ni imfungurwa y'umutima, uwuyiriyere iramukomeza mu rugendo arimwo ngaha kw'isi, akitegurira atyo kuzoshika muri ca gihugu c'amata n'ubuki, Yeruzalemu yo mw'ijuru.

Igihe rero duhuriye hamwe mu misa twiteguye

neza ku mutima, tka-kira Umubiri w'Umukama, tuba turiko turemeza ugupfa kwiwwe, dushemeza izuka ryiwe turindiriyeye aho azogurukira ». Umutiwa wacu urakeneye rero iyi mfungurwa.

None rero turabe ko tubigirana umutima umubereye kumwakira kuko ntaho ahengeshanya kutwiha, haba mw'Ijambo atuyagira, haba mu masakramentu na cane cane isakramentu ry'Ukaristiya aho atwiha wese.

Turashobora kuza kumwakira, ku mubiri, dusa neza ariko ku mutima hari ibimubuza kutwuzuzanya ubwo buzima. Isuzume nawe mugenzi: mbega ntaho wegera uruhimbi rweranda wugarijwe n'inabi y'ubwoko bwose? wuzuye inzigo, n'ishavu, n'amata, n'ishari, n'uburyarya, n'ubusuma, udahengeshanya gushigikira ingimba, akarenganyo, n'ayandi mabi? Garura umutima ureke akwuzuzanya ubuzima bwiwe ! Yezu yashimye gusangira vyose n'abantu ndetse igicumuro.

Dukenguruke natwe dukikanire Imana ku vyo yaduhaye : ubuzima, ivyo dutunze vyose tubikesha Umuremyi. Tureke Yezu yishushanyeye muri twebwe kugira tumushikirize abandi.

“Igikorwa cose kibonekere ku mwimbu, umurundi wese aroranirwe.”*(Bitangurira ku rup.1)*

kigateza imbere abenegihugu bose n’abakozi ba Reta barimwo. Ni co gituma twashize imbere gukomeza kuja inama kugira ngo tumenye ingene twifata mu bukene canke mu butunzi bwacu ata guhishanya.

35. Muri iyo ntumbero tukaba dushima ukuntu turiko turakorana n’amashirahamwe y’abakozi, tukaganira tuja inama n’ingingo igihe cose bikenewe. Na cane cane ku vyo kera twakorako tugasha, nk’ingene twotunganya impembo y’abakozi n’ibindi. Nagira mbere nsubire no kubizeza ko iyi ngendo twafashe, itazosubira inyuma, tuzokwama na ntaryo twicarana, ibihari tubitunganirize hamwe, tuyakire kumwe. Erega iyo twese tuzi ko twakehanyiwe, niho tugira ingoga zo kubirwiza, igikuru ni uko tuba duse nyera ku mugozi umwe twese.

36. Aha duca twumva akamaro ko gukora ngo abenegihugu bagwize umwimbu. Ni twebwe abakozi ba Reta dutegerezwa gukora ibishoboka vyose kugira ngo abenegihugu bikorera ivyabo batunge kandi batunganirwe.

Iyo umwimbu wabayemuke mu gihugu, twebwe abakozi ba Reta ni twebwe tuba dukwiye gutangura kuririra abenegihugu aho kwiririra ngo dushaka akarusho ku mpembo.

37. Aho mpagaze ni aha: N’ubu nyene nidushire imbere guhaya umwimbu twimbuye, duhiganwe mw’iterambere, hanyuma ikintu cose kitagenda neza turabe tukiganire, ata gusimba inzego, kandi ata gushikuzi kuko ni mwebwe nyene mujejwe ize nze. N’iyo bibananiye gutorera inyishu, mwomenya ko urwego rwo hejuru mugiyeko rugizwe nyene n’abakozi ba Reta. Ico babarushije ni uko babarongoye gusa.

Icihuta gusumba rero, ni ukwitanga tukarwiza umwimbu, kandi twimbuye vyinshi tukarunka umusesekra dushora hanze, nta nkeka ivyo twipfuzi vyose ko bihinduka kandi bizohindukirira neza twese, ku neza yacu twese atawusigaye inyuma.

Erega itunga ry’igihugu nta handi rigenewe atari mu benegihugu, na twebwe abakozi b’igihugu turimwo. Ariko rero, ntidukore umutima utari mu nda kuko tugeze kure mw’iterambere no mu gutunganya itunga rusangi, tukaba tubona ko mu misi iri imbere twese tuzobona akarusho.

38. Mu gihe tumaze turiko turakorana inguvu zidasanzwe ngo umunwa wose uronke ico urya, umufuko na wo uronke amahera, turashima ko abakozi benshi bamaze kwumva no gutahura akamo tudasiba kubatera ko gukora imigambi yunguka, ikungukira abenegihugu. Ndetse n’iruhande y’akazi kabo ka

misi yose, abakozi batari bake baratanguye kwigirira imigambi yabo kandi ibasahiriza mu muryango.

Turashima ukuntu indongozi zafashe iya mbere mu kurima no mu kworora kijambere, gurtyo zikaba imboneza mu kwigwiza umwimbu aho bavuka canke aho bakorera, hakaba hariho n’abariko barashinga udushirahamwe duto duto two guhingura umwimbu;

39. Turashima abagwizatungabatanguye imigambi itandukanye, abariko barubaka inganda, amasoko yo kudandarizamwo, amazu yo kwakiriramwo ingenzi, n’ibindi. Cane cane turashimira abagwizatunga bamaze kwijukira kwunga urunani n’amakoperative y’abenegihugu mu kwigwiza umwimbu kugira bongere bawuhingure.

Ni co kimwe n’abariko baribwiriza gutanguza imigambi yo gutanga akazi kenshi, kuko dushaka ko ubuzi burwira mi gihugu. Aha ntitwokwibagira n’abiyumviriye ishira hamwe FOMI rihingura umwavu kugira abenegihugu n’amakoperative bagwize umwimbu.

40. Turashima ko Abarundi benshi bamaze kwiyungunganya mu gukorera mu makoperative, abantu benshi bakaba bariko baragwana no kuziganyanya umwimbu hamwe no kurondera isoko. Turashima ko mu mibano henshi bakiranye urweze integuro yo gushira

hamwe amatongo ngo yorohe gutunganirizamwo uburimyi.

Turashima abahinga, na cane cane mu rwaruka, bariko baratora ubuhinga buzotuma igihugu cacu gitera intambwe nini mw’iterambere kandi bugatuma Uburundi bumenyekana, tugashimira cane cane urwaruka rwagiye imbere mu gufata amadeni mw’ibanki yarwo BIJE, kandi tukaba turiko turabigirako ibitari bike.

41. Turashima ukuntu mu ntara nka zose bitabiriye akamo ko kurima amashamba y’ibirare, kandi tuboneyeho akaryo ko kubavunira urugohe ngo ntibigere basiga isi igaragara na rimwe, bame bitwararika gutera ibiti bibana n’indimo kugira ngo isi igume ifutse yoye kuguma yuma.

Ni nk’uko tugiye kugira ibiganiro n’abafise amatongo yabananiye kurima kugira tuje inama ingene ayo matongo atoguma yicaye ngaho kandi hari abenegihugu babuze aho barima kandi babishashaye.

42. Ivyo dushima ni vyinshi kandi ari na vyo biduha icizere ko ejo ari heza dushingiye kuri uwo mutahe dufise. Kera incabwenge zidakora mu nzego z’igihugu wamengo ntaco zifise zoterera mw’iterambere, mbere abakorera hanze y’igihugu wamengo bobo ntituri kumwe.

Ihimbazwa ry'umusi wahariwe ugushigikirana hagati y'Uburundi n'ibihugu vya Buraya

(Bitangurira ku rup.1)

hamwe n'uwuserukira ubumwe bw'ibihugu vya Buraya ngaha mu Burundi Claude Bochu. Hari kandi abariko berekana ibirangurwa mu migambi itandukanye ifatwa mu mugongo n'amashirahamwe mpuzamakungu y'ubumwe bw'ibihugu vy'Uburaya.

Ubumwe bw'ibihugu vya Buraya bufasha iki Uburundi?

Nk'uko vyagarutsweko mu majambo atandukanye y'uwo musu, ikibanza c'Ubumwe bw'ibihugu vya Buraya mw'iterambere ry'Uburundi ngo ni nntasubirizwa. Ubumwe bw'ibihugu vya Buraya bubicishije mu mashirahamwe mpuzamakungu yegamiye ivyo bihugu ngo bashigikira imigambi itandukanye y'iterambere mu bisata vy'indero, amagara y'abantu, kurwanya ubukene no gufungura nabi.

Nk'uko Umushikiranganji Albert Shingiro abigarukako, Ubumwe bw'ibihugu vya Buraya



Foto: Mélanche Ndayikeze

Albert Shingiro umushikiranganji ajeje imigenderanire hagati y'Uburundi n'ayandi makungu, ugushigikirana n'iterambere, hamwe na Claude Bochu aserukira ubumwe bw'ibihugu vya Buraya ngaha mu Burundi bariko bacacura igitambara nk'ikimenyetso c'uko buguruye umusi wahariwe gushigikirana hagati y'Uburundi n'ibihugu vya Buraya

ngo burafasha cane urwaruka rw'Uburundi kwiteza imbere. Ati: «Urwaruka rw'Uburundi ruzanzwe arirwo rwinshi mu gihugu cacu. Uwu musu wahariwe ugushigikirana hagati y'Uburundi n'ibihugu vya Buraya nibo ugenewe. Kanatsinda, urwaruka ni nk'icirori tworabiramwo intambwe y'ugushigikirana kw'Uburundi n'ibihugu vya Buraya aho igeze.»

Nk'uko bibandanya bivugwa n'uwo mushikiranganji, ngo urwaruka si Burundi bw'ejo nk'uko bamwe babivuga, ahubwo «nibo Burundi bw'uno musu kandi baramaze kubitegera no kubitahura. Nibo igisata c'ubutunzi n'iterambere cubakiyeko».

Intererano y'ubumwe bw'ibihugu vya Buraya ikoreshwa iki?

Ubumwe bw'ibihugu vya Buraya ngo nibwo buza kw'isonga ku bice 33% vy'intereranoz'amashirahamwe mpuzamakungu ashigikira mw'iterambere ry'igihugu c'Uburundi. Iyo ntererano irashika imiriyoni 900 y'amafaranga y'abanyaburaya atangwa nk'ingabire.

Ibisata bitatu ngo nivyo ubumwe bw'ibihugu vya Buraya bushimikirako:

1. Mu gisata c'amagara y'abantu, abapfasoni bashika 400 000 barashoboye kwibaruka ku buntu. Abapfasoni bashika 1 000 000 bararonkejwe inyigisho zo gutandukanya imvyaro no kwibaruka ku rugero. Abana batarakwiza imyaka itanu bashika 3 500 000 baragiriwe ibipimo bagahabwa n'imiti ku buntu.

2. Mu bijanye no kubaho neza, ubumwe bw'ibihugu vya Buraya bushigikira Uburundi bubicishije mu migambi itatu nyamukuru:

- Mu mugambi «Tubehoneza»: Abantu bashika 2 400 000 barigishijwe ku gwaya indwara ziturutse ku gufungura nabi;
- Mu mugambi «Twiteho amagara»: Abantu barenga 12 000 000 barashobora kuvugwa neza;
- Mu mugambi «Umuco w'iterambere»: Abantu 500 000 barafashijwe kuronka amatara y'uburyo bugezweho kandi aramba.

3. Mu bijanye n'iterambere rusangi: Harashizwe imirwi yo kuziganya no kuguranana ingana 1 600. Abantu barenga 400 000 barigishijwe bongera barashigikirwa mu bijanye n'uburimi.

Harubatswe amasoko y'amazi ashika 700. Abana barenga 160 000 bararonkejwe imfungurwa zivura indwara ziturutse ku gufungura nabi.



Foto: Mélanche Ndayikeze

Ivyo bitoke ni bimwe mu mwimbu wa Nsanguye Jean Christophe, umurimi wo muri komine Bugabira mu ntara ya Kirundo, mu mugambi ENABEL witaho gutanga inyigisho zo kurima no kworora kijambere

“Igikorwa cose kibonekere ku mwimbu, umurundi wese aroranirwe.”

(Bitangurira ku rup.4)

None ubu biriko birahin- duka tukaba dushima ukuntu incabwenge z'A- barundi, na cane cane abakorera hanze y'igihu- gu, bariko baraterera bi- mwe biboneka mu guhin- dura ibintu mu Burundi, ha-ba mu nyigisho, haba mu kuzana ivyiyumviro bishasha, gurtyo baka- ba bariko barafasha mu guhindura ingendo.

43. Murazi kandi ko n'a- mazi asumira kw'ibuye, ata mahoro n'umuteka- no biri mu gihugu nta gikorwa na kimwe two- kora, ivyo twaravyibo- neyeko. None aho tugeze ubu, turabona ko Aba- rundi bose bagize umu- tekano umwitwarariko wabo, naho intovyi zi- tobura. Naho abiziziwe n'imitima mibi batabu- ze, turashima cane inge- ne abajejwe umutekano baguma barikanuye ku mpande zose z'igihugu, maze Abarundi bakaja ku mirimo kandi bagako- ra umutima utekanye.

44. Igikorwa c'abajejwe umutekano, abajejwe in- twaro ntibahengeshanya kugikamisha, bagakora batiziganya ngo Abarun- di baje ku kivi ari benshi kandi bakorane disci- pline, ata wurengera a- karimbi uwundi kandi ata wononera uwundi. Muri iyi myaka ni nk'igi- tangaza kuko n'inzezo z'Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka ba- ravuye mu mirwa mi- kuru baja kuremesha abenegihugu ku kivi, ivyo bikaba ari imbone- karimwe mu Burundi.

Turabakeje kubona na bo barategereye ko Reta nkozi bidasigura urwego nshingwabikorwa rw'igi- hugu rukozzi, ahubwo ari igihugu kiri ku kivi. Ni akagohe bakubitiye aba- hora bicara mu ntebe zabo bakahashinga imi- zi, ubu Umurundi wese ategerezwa kuja ku kivi, atidodomba.

45. Ni ivyo mwibonera, Reta Nkozi iriko irakora ibishoboka vyose ngo i- terambere ry'Uburundi rishingire ku mushin- ge ukomeye, haba mu gushiraho poritike ibe- reye n'amategeko bija- nye, haba mu gutunga- nya imibano gushasha canke gutegura inyu- bako zijanye n'ibihe bis- hashu turimwo. Ni co gi- tuma, muri uyu mwaka w'2021-2022, mu vyo Reta y'Uburundi yaran- guye, harimwo ibi biku- rikira:

46. Yaratsimbataje, irashi- gikira yongera irasuzuma imigambi y'amakopera- tive yo ku mitumba ngo Abarundi bamenyere gu- korera hamwe imigambi y'iterambere. Yaremeje poritike y'imishahara iku- raho ubusumbasumbane mu mishahara y'abakozi ba Reta mu kiringo c'imya- ka icumi, kandi ingingo mperekeza zigiyeye kujaho imbere y'ukwezi kw'indwi 2022, kugira imvugo ija- ne n'ingiro.

47. Iki kiringo c'imya- cumi ndazi ko abakozi b'igihugu bakivugako vyinshi, ariko nabo ba- bonye ayo mahera bija- nye n'uwo mugambi ba- rabona ko ari menshi ku

buryo n'aho twokwaka ingurane ngo tubikore ubu nyene vyotera imvu- ne ikomeye ubutunzi bw'igihugu.

Ngira ngo abanonosoye ibijanye na politike y'in- gene ifaranga rita aga- ciro mu gihugu barabizi. Nk'ubu igica gisuzum- wa ni uko ayo mahera mashasha yiyongereye yoba yababa agaciro k'u- mwimbu twagize uyu mwaka, kugira ingero y'amahera ari mu gihugu ntitosekare ngo umuntu ahawe ajana umuzigo w'- amahera agiye gusuma intica ntikize.

Ni co gituma nsaba U- murundi wese gukora yivuye inyuma; umwim- bu ukagwira, ntacubuza ko no mu myaka mikeyi twoba tubihejeje. Vyose biva ku mwimbu igihugu coba kironse.

Uko rero umwaka uta- she, tuzoza turasuzumira hamwe ingene umwimbu wifashe, hanyuma bige- nze neza turabira hamwe ico twokora. Natwe turi- pfuza ko abakozi bakora ata myidogo, ni ho ikivi kiduga, ariko murumva ko vyose bituvako: Ite- rambere ridukomokako rikongera rikadusubira- ko, ni yo nzira twihaye.

48. Ikindi twomenya ni uko, uko twiga gutun- ganya impembo atawu- zimvye uwundi, niko tuguma twiga ingene two- gabanya abicaye muhira batagira ico bakora, du- ciye mu kwunganira aba- gwizatunga ngo batange akazi canke mu gusa- hiriza urwaruka rufise

imigambi, no mu bisata bimwe bimwe bikeneye abakozi, turagerageza gu- tanga akazi aho bisho- boka hose dufatiye ku mikoro igihugu gifise.

49. Nk'uyu mwaka, bi- ciye mu murwi w'igihugu ujejwe gutanga akazi, ubushikirangaji bw'a- bakozi n'akazi ka Reta bwaratunganije ibibazo ku barondezi b'akazi mu ntumbero yo gutanga akazi mu bisata bibiri ari vyo: Ubushikiranganji bw'indero n'ubw'amagara y'abantu.

Abarondezi b'akazi ban- gana igihumbi (1000) ba- kaba bararonkejwe akazi mu gisata c'indero ham- we n'abangana amajana abiri na mirongo ibiri na bane (224) bo mu gisata c'amagara y'abantu.

Ikinezereje ni uko jewe nyene navyikurikiranaye kugira ntihagire uwuha- bwa akazi biciye mu bitu- ririre canke ka mwana wa mama. Naho atawushi- misha bose, twarabonye ko imyidogo yabaye mike gusumba uko vyahora.

50. Ibindi twobamenye- sha kandi Reta yaran- guye ni ibi bikurikira:

- Yarabandanije igiko- rwa co kumenyekanisha itegeko rishasha rigenga abakozi n'akazi risubi- rira iryahahora mu gi- sata c'abikorera utwabo n'amashirahamwe yega- miye Reta, igikorwa n'u- bu kibandanya.

Abakozi bacungera impangu n'ibintu, basaba gufatwa nk'abandi bakozi (Ibikurikira)

Abo bakozi basaba iki?

Abo bakozi bamaze kwe-rekana ingorane zabo, barategakanije ivyo basaba kugira ngo agateka kabo kagarukirwe. Ivyo basaba navyo bikaba biri mu mirwi ine:

1. Ivyo basaba Reta y'Uburundi

Babicishije ubwa mberre mu bushikiranganji bw'intwari yo hagati mu gihugu, iterambere rusangi n'umutekano, abo bakozi basaba Reta ko ivyo Reta yategetse abaserukira ayo mashirahamwe vyoja mu ngiro.

Reta yoraba ingingo zibereye ifatira abadashira mu ngiro ivyo yabategetse? Vyongeye, hoba itegeko ryihariye ico gisata. Reta yonakurikirana ko ayo mashirahamwe ashira mu ngiro amategeko yo nyene yishiriyeko umukono.

2. Ivyo basaba Ubushikiranganji bw'abakozi n'akazi

Hoba iyubahirizwa n'ikurikizwa ry'ingingo kuva ku 617 gushika 632 z'amategeko ari mu gitabu kigenga abakozi n'akazi. Abakoresha bokwubahiriza ivyo bitereyeko umukono. Abakoresha bubahirize ubwingenge bw'ama syndicats.

Mu gisata co gucengera abantu n'ibintu hoba umurwi ujeje ibiganiro hagati y'abakozi n'abakoresha.

Mu gisata co gucengera abantu n'ibintu hoba umurwi ujeje ibiganiro hagati y'abakozi n'abakoresha.

3. Ivyo basaba ubushikiranganji bujewe ubutungane:

Basaba ko imanza zaciwe zoja mu ngiro; imanza zo muri ico gisata zofatwa nkizidasanzwe kugira ngo haveho idindizwa ry'imanza nkuko tubibona ubu.

4. Ivyo basaba Reta babicishije mubushikiranganje bwo gufatana mu nda

Hoboneka ahaha amafaranga yakaswe abakozi bababwira ngo ni ayo kubategakaniriza kazoza, ariko umukozi yagera gukukuruka agasanga amahera yose bamukase ntiyigeze abikwa.

Hobaho ifatwa ry'ingingo kubakoresha baziganiriza abakozi bafatiye kumafaranga atariyo.

Mélance Ndayikeze

"Igikorwa cose kibonekere ku mwimbu, umurundi wese aroranirwe."

(Bitangurira ku rup.6)

●Yarashizeho amategeko mperekeza y'itegeko rishasha rigenga abakozi n'akazi, igikorwa n'ubu kibandanya.

● Iciye k'Ubushikiranganji bw'abakozi n'akazi bufadikanije n'Ishirahamwe Mpunzamakungu ry'akazi OIT, buherutse kwemeza igitabu cerekana isura y'igihugu cacu mu bijanye n'amagara y'abakozi n'umutekano wabo, aho bakorera (Document de Profil National en Santé et Sécurité en milieu du travail). Ico gitabu kikaba kizodufasha gushiraho mu misi iri imbere Poritike y'amagara meza n'umutekano ku bakozi no ku kazi.

(Politique Nationale de Santé et Sécurité en milieu du travail).

●Yaratunganiye igikorwa co gusuzuma impamyabushobozi z'abakozi bo mu Bushikiranganji bw'Indero. Mu mpamyabushobozi 1644 zasusumwe, 7 basanze ari iza magendu. Amadosiye y'abafashwe yararungi-tse mu butungane kugira bakurikiranwe n'ubutungane bishuzwe amafaranga bivye Reta angana 82.378.498 y'amafara-nga y'amarundi.

Barundi, Barundikazi; Bakozi, Bakoresha mwe-se,

51. Igihe tugezemwo ni igihe gihambaye cane ku gihugu c'Uburundi. Ni igihe dutegerezwa kwerekana umutima wo gukunda igihugu tukagikorera twivuye inyuma, gukoresha ubwenge n'ubukerebutsi bwacu kugira dukore imigambi

ifise amerekero.

52. Ibihe ibihugu bitari bike vyo kw'isi biriko biracamwo, biraboneka ko ibihugu vyinshi bihanzwe n'ibiriko biraba. Ikiza Korona Virusi carateye, ibihugu vyose biriyugarana, iyo Imana itatwosha tukaronka ubwenge kare, tukarima, inzara yari kutugira imisega. Kare intambara mu bihugu twazibona ibisanzwe, kuko zagirira ingaruka ababa muri vyo ariko ubu biribonekeza ko atari uko.

Twari tumenyereye igihugu kanaka gitera intambara hariya, bigenzi vyaco bikagishigikira, ibindi bihugu bikabibona ibisanzwe kuko wamengo biraba ico gihugu. Mugabo ivyibonekeje uno mwaka, ni uko iyo igihugu cinjiye mu

ntambara, ibindi bihugu bigaca bigifatira ibihano ruhasha, ivyo bihano bica bidukorako twese kw'isi yose, n'ababishizeho barimwo. Aha rero ni bitubere icigwa, uko iri kwose intambara ni mbi; itera amaganya, igatera inzara.

53. Ntidusamare rero. Twige kuba turamenyera kwibako kuko ak'imuhana kaza imvura ihise, ni ivyo mwebwe nyene mwibonera. Kandi ntihagire uwutakaza umutima wiwe, ngo ate ubwoko ngo atirimuke kuko muri twese ntawe ivyo vyago vyavuyeko, ariko tuvyikoreye twese.

Iki ni igihe co kwerekana ko dukunda igihugu koko,

Umugambi «Merankabandi», ugiye gukorera mu ntara zose z'igihugu c'Uburundi

Twibukanye ko umugambi Merankabandi ari umugambi wa Leta ufashwe mu mugongo n'ibanki y'isi, ukaba waje gusahiriza ba ntahonikora bakenyeye gusumba abandi. Uwo mugambi mukubafasha wabaronsa imfashanyo ingana n'ibihumbi 20 ku kwezi, bakaronka ibihumbi 40 uko amez abiri aheze. Bakayaronka biciye kuri kuri terefone bahawe irimwo umuhora wa leo hamwe na ecash.

Uwo mugambi watunguye mu mwaka wa 2017, ukaba umaze imyaka 5 uri kukivi. Waciye ukorera mu ntara 4 z'igihugu arizo :

- Ruyigi
- Karusi
- Gitega
- Kirundo

Muri izo ntara, uwo mugambi ukaba wafashije imiryango irenga ibihumbi 48 ikenye gusumba iyindi, kandi ubu barashinga intahe ko bisununuye gusumba uko bari imbere y'uko umugambi uza.

Kugira uwo mugambi ushoboke, ibanki y'isi yose yatanze amadorari y'abanyamerika angana n'imiryoni 40.

Kubera uwo mugambi waranguwe neza, ivyo bikorwa bizoca bikorwa mu ntara zose z'igihugu uko ari 18. Ni muri iyo ntumbero ku wa 3 Ruheshi 2022, muri «Winer's Hotel» i Ngozi, hatunganywa uruganda kubanditsi n'abamenyeshamakuru, mu ntumbero yo kubashimira kubera iranguka ry'uwo umugambi Merankabandi, ibimenyeshamakuru vyagize uruhara ntangere.

Michel NYABENDA ajejwe gutunganya ibikorwa muri uwo mugambi merankabandi, yaciye abone- raho gushikiriza ibikorwa vyaranguwe muri iyo myaka 5, hamwe n'ivyabagoye. Aca anamenyeshaka uwo mugambi yise «Merankabandi 1» uzorangira ku wa 30 Ruheshi 2022.

Abahinga batari bake barungitswe n'ibanki y'isi yose baragize amatohoza kubaronkejwe imfasha-



Foto: Chanel HARINGANJI

Michel NYABENDA ajejwe gutunganya ibikorwa mu mugambi Merankabandi

nyo muri izo ntara, ababajijwe bose barashingiye intahe uwo mugambi ko wababereye kirumara.

Ni muri iyo ntumbero kuva mu kwezi kwa Mukakaro uyu mwaka wa 2022, ibikorwa vy'uwo mugambi bise «Merankabandi 2» bigiye gukorerwa mu ntara zose z'igihugu uko ari 18. Uwo mugambi ukaba ufise ihangiro ryo kugwiza umwimbu n'akazi, hamwe no gushikira umukene akenye gusumba abandi.

Imiryango ingana ibihumbi 145, niyo itegekanywa gufashwa mu ntara 18, umuryango umwe umwe muyizotorwa, ukazoronswa amafranga angana n'ibihumbi 38 ku kwezi hamwe n'inyigisho mperekeza nk'uko vyakozwe ku mugambi wambere, kugira ayo mahe- ranta ntabapfukubusa.

Uwo mugambi «Merankabandi 2», ukazotangurira

muri za ntara 4 twababwirira uwambere wari wahereyemwo, bakazoca bongeranko intara ya Muyinga na Cankuzo.

Ikindi cyongereyeko, n'uko muri uwu mugambi «Merankabandi 2» hazo- jamwo imiryango y'impuzi zahungiyeye hano mu burundi zivuye mu bindi bihugu nka Congo, hamwe n'imiryango ikenye gusumba iyindi iri muri ako karere izo mpunzi zihereyemwo. Hakaba hategekaniywe gufashwa imiryango igera ku bihumbi 8 y'izo mpunzi, hamwe n'imiryango igera ku bihumbi 12 y'abo banyagihugu.

Tubamenyeshye ko uwo mugambi «Merankabandi 2» uzorangira ku wa 31 Kigarama 2026. Amafranga ategokanywa gukoreshwa angana n'imiryoni 150 z'amadorari y'abanyamerika.



Foto: Chanel HARINGANJI

“Igikorwa cose kibonekere ku mwimbu, umurundi wese aroranirwe.”

(Bitangurira ku rup.7)

tugume tuzirikana inzira yo kuvyaza umusaruro amikoro dufise, ari ryo tunga kama Imana yaduhaye, kuko isoko rirahari, amahanga ararikeneye. Tumaze imisi tubizirikana, mu Burundi dufise amikoro menshi amakungu azokenera, ni co gituma hatogira uwusamara ngo ate Uburundi mu kaga.

54. Abarundi dutegerezwaza kwiga ukuntu twogira akigoro nko mu gihe c'intambara nyene. Sindabasavye kwegaririza amahera canke imfungurwa uyu canke uriya, ndabasavye gukora kurusha uko twahora. Ikizokiza Abarundi ingaruka mbi z'intambara iriko iraba mu bihugu vy'Uburusiya na Ukraine, ni ibikorwa. Gukora kurusha uko twahora, ni ko kigoro ndabasavye. Harakenewe akigoro kadasanzwe, mu bisata vyose vy'ubuzima bw'Igihugu.

55. Nk'uko mubizi, uno mwaka twawuhariye Uburimyi. Igice kinini c'abarimyi mu Burundi, ntigisaba igitoro mu kurima. Ahubwo turime cane, abandi bazoze gusuma iwacu, batuzaniye amahera mvamakungu azotuma natwe turonka igitoro naho coba kizimvye.

Harakenewe rero akigoro kadasanzwe mu gisata c'igihugu kijejwe uburimyi, kugira ngo tugume twimbura vyinshi no mu gihe ikirere kitagenze neza.

Ivyo bigasaba ko abahingaga baguma ku kivi, bagume barereka amazi yose ava mu mitumba, ntashike mu mwonga atavomeye imirima; guryo duhangane n'ibihe imbere yuko dushikirwa n'ingorane.

Bisaba kandi ko ingingo twafashe zo guhindura ibintu mu gisata c'uburimyi tuzitsimbataza, abantu bose baterera muri ico gisata na bo bagakora neza umwe wese ico ajejwe. Abatororokanya umwavu babikore ku gihe, abahingura imbuto zirobanuye bibe uko nyene, ntidusubire kwumva abidoga ngo babuze ibikoresho. Ndasavye abo bose babona batakoze neza ku gihe giheze bivyukiranye, barondere ingene baba abambere mu gihe c'irima gikurikira. Ikibi si ukugwa, ikibi ni uguherayo.

56. Ngo akari mu mpene ni ko kari no mu ntama, ako kamo ndagateye kandi abakozi b'igihugu bakorera mu bisata bitandukanye. Iki ni igihe co kwivyukiranya na cane cane ko dutanguye ingendo nshasha, aho uko ikiringo c'amezi atatu giheze inama nshikiranganji izoza irasuzuma ivyakozwe vyose mu bisata vyose.

Uwahora akorera mu mwijima amenye ko umuco wamwinjiranye, ejo akazobona bamusezerera kuko ahembwa gusa, ntaze avuge ngo ntiyagabishijwe. Ngo inkware zisezerana mu masesa, kandi ngo igipfa cabu-

riwe ni impongo. Ndasubiramwo, igipfa caburiwe ni impongo, si umuntu. Uwiciye amatwi nawe, si jewe nohahera. Ni mufate aho mugeze nk'umutahe kugira muzoshobore kwerekana intambwe mwateye.

Barundi, Barundikazi; Bakozi, Bakoresha mweise,

57. Twebwe indongozi dushoboye vyinshi, mugabo hari ibintu tudashobora gutunganya neza tudakoreye ku vyiyumviro vy'abaduhanura n'abatunegura. Ni co gituma twemeza tudakekeranya ko uruhara rw'amashirahamwe aharanira agateka n'inyungu z'abakozi ari ntangere. Ibibazo bitari bike badutuye igihe duheruka guhura n'ababaserukira vyaratunganijwe n'inzego zitandukanye, ibindi biriko birigwa kandi vyitondewe. Hariho mbere n'ibisata vyatwibukije ko twavyibagiye kubera bifise amategeko yavyo abigenga.

Nashaka ndemeshe ababona ko ibibazo vyabo bitariko biratorerwa umuti ku murindi bipfuzza, ndabasaba kwihangana, no kuguma mu ngendo nziza yo kuja inama n'ingingo yamyemiranga Abarundi.

Ibibazo bitaratorerwa umuti, inzego zitandukanye zobandanya zibumviriza mutorere hamwe, umuti urama. Turi kumwe nta kidashoboka kandi mumenye ko ibibazo vyanyu ari vyo bibazo vyacu. Ico twemeye

ni uko twicara hamwe tukabitorera umuti kuko akatavuga ntigahenda akavuga.

Muri ukwo kuja inama n'ingingo, tugume twibuka ko turi Abarundi, batabwirizwa kwibagira akaranga kabo: Kugumya umutima no kudashira isoni. Dutegere ahubwo imitima yacu mu gukora kuko muravye ibiriko biraba hirya no hino kw'isi, murabona ko hariho ibimenyetso vyerekana ko mu misi iri imbere hashobora guhinduka vyinshi mu buzima bw'abakozi.

Ni co gituma twotangura kubaho dufatanye mu nda, kuko nyamucamwo yama afatira umwigeme ku mbanyi.

Barundi, Barundikazi; Bakozi, Bakoresha mweise,

58. Imbere yo gusozera, nashaka ntange impamuro nkurikije ivyiyumviro nabashikirije uyu musu, mpereye cane cane ku ndongozi:

a) Mu migambi mutunganya kurangura, yaba iyikoresha amahera y'igihugu canke ayo dusahirizwa n'abagenzi, ntegetse mwebwe indongozi guhagararira inyungu z'igihugu aho ziri hose, mu gihugu hagati canke hanze y'igihugu.

Ibintu vyo kubanza gukuramwo rwawe nimubihebe, ntaho bizodushikana.

Uburenganzira bw'abenegihugu bwo kwitunganiriza imigambi y'iterambere

Umuntu wese arafise uburenganzira bwo kugira ijambo mu ntwaro y'Igihugu ciwe yiserukiye we nyene canke aciye ku bamuserukira.

Umuntu wese arafise uburenganzira bwo kwitunganiriza imigambi y'iterambere, akarwiza umwimbu umufasha kubaho we hamwe n'abiwe, akongera agateza imbere igihugu camwibarutse.

Mu gihe igihugu kimushinze amabanga naho, arahaza agakora ibishoboka vyose kugira ngo yitange mu bikorwa igihugu camushinze, atunganye imigambi yo kurwiza umwimbu w'ivyo akora uwo mwimbu ukaba ariwo uteza imbere igihugu n'abenegihugu.

Uburenganzira bwo gutunganya imigambi yo kwiteza imbere no guteza imbere igihugu butegekanijwe n'amategeko mpuzamakungu hamwe n'amategeko y'igihugu c'Uburundi.

1. Ingene amategeko mpuzamakungu atandukanye ategukanya ubwo burenganzira

Uburenganzira bwo gutunganya imigambi y'iterambere no guteza imbere igihugu, butegekanijwe n'amategeko mpuzamakungu atandukanye :

*itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu,

* hamwe n'amasezerano mpuzamakungu yerekeye uburenganzira bw'abantu mu vy'amatungo imibano n'imico kama.

Ingingo ya 29 y'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu ivuga



Dukure amaboko mu mpuzu tworore ibitungwa bitoboto (nk'inkoko) twiteze imbere

ko umuntu afise ivyo asabwa n'igihugu, ni naho ashobora gushikira iterambere nyakuri yipfuzaza.

Mu bihugu bimaze gushinga imizi mu vyerekeye intwaro rusangi, iterambere nyakuri umuntu yipfuzaza rizanana ku bushobozi bw'indongozi ziba zavuye mu matora. Ingingo ya 21 ya rino tangazo iravyerekana.

Ivuga ko umuntu wese afise uburenganzira bwo kugira ijambo mu ntwaro y'igihugu ciwe, akabigira yiserukiye we nyene ubwiye canke abicishije ku bamuserukira batowe mu matora atunganyijwe neza.

Vyongeye, umuntu wese arashobora gushingwa amabanga mu ntwaro y'igihugu ciwe.



Naho iyi ngingo ivuga uku, biragaragara ko bivugwa mu ntumbero yo kwerekana ko zina kiremwa muntu wese ategerezwa guterera agacumu k'ubumwe kur'ivyo vyose vyotuma abenegihugu n'igihugu batera imbere, bivuye ku migambi bitunganiyije ubwabo, batarinze kuzera inze.

Ingingo ya 1 y'amasezerano mpuzamakungu yerekeye uburenganzira bw'abantu mu vy'amatungo, imibano n'imico kama ivuga mu gace kayo ka mbere ko abantu b'ibihugu vyose bafise uburenganzira bwo kwitunganiriza ivyabo.

Kubera ubwo burenganzira, ni bo bishingira intwaro bakongera bakishingira mu mw'idegemvyo ukuntu biteza

imbere mu vy'amatungo, mu mibano no mu mico kama.

Iyi ngingo ibandanya ivuga ko kugira ibihugu bishike kw'iterambere bishaka, kimwe kimwe cose kirafise uburenganzira bwo kwitunganiriza amatungo yaco n'amasoko kama y'iterambere, mu gihe ataco vyonyonye mu biranga ugufashanya kw'ibihugu mu vy'ubutunzi, bifatiye ku nyungu y'ibihugu vyose vyegwa n'amasezerano yo gufashanya.

Agace ka mbere k'ingingo ya 2 y'aya masezerano ivuga ko, igihugu cegwa n'aya masezerano, ciyemeje gukora ibishoboka vyose, haba ku ruhande rwaco canke biciye mu gufashanya n'amakungu, cane cane muvy'ubutunzi n'ubuhinga kugira ngo giteteze imbere itsimbatazwa ry'uburenganzira bwose butegekanijwe n'aya masezerano, hatibagiwe ishingwa ry'amategeko avyubahiriza.

Nk'uko amategeko mpuzamakungu ategukanya uburenganzira bw'abenegihugu bwo kwitunganiriza imigambi y'iterambere, n'amategeko y'igihugu c'Uburundi n'uko nyene.

2. Ingene amategeko y'Uburundi ategukanya ubwo burenganzira

Mu mategeko y'igihugu c'Uburundi, twisunga ibiri mw'Ibwirizwa Shingiro, hamwe n'ibiri mw'Ibwirizwa n°1/11 ryo kuwa 20 rusama 2019 rihindura igitabu c'amategeko agenaga amatora mu Burundi.

Uburenganzira bw'abenegihugu bwo kwitunganiriza imigambi y'iterambere

(Bitangurira ku rup.10)

Ingingo ya 19 y'Ibwirizwa Shingiro ivuga ko amsezzerano mpuzamakungu yerekeye agateka ka zina muntu Uburundi bwashizeko umukono, ari mu bigize iri bwirizwa shingiro.

Bisigura ko, ayo masezerano mpuzamakungu ingingo ya 19 iyagira amateteko y'igihugu.

Ingingo y'7 y'Ibwirizwa Shingiro ivuga ko abenegihugu ari bo soko ry'ubutegetsi mu gihugu, ni bo bitorera ababaserukira ngo barangure amabanga y'intworo canke bakifatira bonyene ingingo zirongora igihugu biciye mu matora.

Umuntu atorerwa imigambi aba yashize imbere mu gihe c'imyiyamamazo, ikaba imigambi iteza imbere igihugu n'abenegihugu baco.

Ingingo y'8 ivuga ko umwenegihugu wese akwiye ibisabwa n'amategeko afise uburenganzira bwo gutora. Mw'itora nta jwiriruta irindi, kandi umuntu wese atora mu mwiherero, uko ashaka, agatorera ahazwi.

Mu gutora, abenegihugu bashobora kwitorera bo nyene abategetsi canke bagatora ababaserukira mu gutora abo bategetsi nk'uko bitegekanijwe n'ibwirizwa.

Izo ndongozi ni zo zihaza zikabaja imbere mu imigambi y'iterambere baba bitoreye ubwabo, canke mu gihe baba bariko bashira mu ngiro imigambi baba batunganirijwe n'izo ndongozi.

Ingingo ya 52 nayo ivuga ko umuntu wese ategerezwa kuronka ibimufasha m'witerambere rifatiye k'ubutunzi, imibano n'imico kugira aronke iteka rimukwiye bivuye ku kigoro k'igihugu kandi hisunzwe uburyo igihugu gifise.

Ingingo ya 58 nayo ivuga ko umuntu wese ategerezwa kwubahirizwa mu bikorwa aranguye bimutera iteka kandi bimuteza imbere, vyaba ivyo ahinguye, ivyo yanditse canke mu vy'utugenegene yakozwe ubwiwe.

Ingingo ya 71 nayo ivuga ko umurundi wese ashinzwe canke yatorewe amabanga y'igihugu ategerezwa kuyarangurana ubwira n'ubukerebutsi, ubuntu, n'ubutwari ku neza y'iterambere rya bo-se.

Ingingo ya 4 y'Ibwirizwa n°1/11ryo ku wa 20 rusama 2019 rigenga amatwora mu Burundi ivuga ko umurundi wese akwiye imyaka 18 igihe c'amatora kandi atakimukumira mu mabanga y'igihugu afise uburenganzira bwo gutora.

Amatora ategerezwa gukurikiza ingingo zitegekaniye muri rino bwirizwa, kuko nkuko ryabitegekaniye, uwubirenze ko arahanwa hisunzwe ibihano ryategekaniye. Ingingo ya 218 iratwereka bimwe mu vyaha bikorwa mu gihe c'amatora n'ibihano bitegekaniye.

Ivuga ko uwo wese yagiriwe n'icaha co kwiya ndikisha ku rutonde rw'amatora akoresheje ibimuranga bitari vyo, yanyeyeje ko igitabu c'ama-

tegeko agenga amatwora kitamurekurira gutwora, yiyandikishije ku ntonde zibiri canke zirenga, yakoresheje ububeshi mu kwiyandikisha, mu kwandikisha uwundi muntu canke mukumukura ku rutonde rw'abazwora, ahanishwa umunyororo uva ku misi cumi n'itanu gushika ku mezi atatu n'ihadabu riva ku bihumbi amajana abiri gushika ku bihumbi amajana ane vy'amafaranga y'amurundi canke agahanishwa igihano kimwe muri ivyo.

Mu Burundi duhuriwe duhishije, turafise indongozi abenegihugu bitoreye, kandi zirajwe ishingira n'uko zobona abenegihugu bose b'Uburundi batunganiye, kandi bitunganiriza imigambi y'iterambere rirama.

Nyen'icubahiro Umukuru w'Igihugu, yama ariko aratera akamo abenegihugu ngo bakure amaboko mu mpuzu, baje ku kivi bakore ibizobateza imbere, boye kuzera inze, bagwize umwimbu.

Arashimikira ku rwaruka rwo Burundi bw'uyu musu n'ejo, ko bategerezwa kuja hamwe mu mashirahamwe n'amakoperative, bakagira imigambi y'iterambere bakagwiza n'akazi.

Mu ntumbero yo gushigikira imigambi y'urwaruka, harashizweho ibanki y'urwaruka, iheza igatanga ingurane yo kurangura imigambi itandukanye yo guteza imbere urwaruka, iheza igasubizanywa inyungu itavuna. Ikindi tutodeha, n'ishirwaho ry'ibanki y'abakenyezi, nayo nyene yaje

mu ntumbero yo gushigikira imigambi y'iterambere abakenyezi ubwabo baba bishiriyeho.

Ibi vyose duhejeje kubona, bigaragaza ko Uburundi bugeze ku ntambwe idasanzwe yo kwitunganiriza ivy'abwo mu vyerekeye intworo n'iterambere, ivyo vyose navyo bigashoboka kuko imbere hari indongozi zizewe n'abenegihugu.

Mu gusozera, twomenyako dufatiye kuri ca civugo ca Nyen'icubahiro Umukuru w'Igihugu c'Uburundi ati turi kumwe twese birashoboka, nta nkeka ko, twese abenegihugu tugiye hamwe, tukitunganiriza imigambi y'iterambere tutarinze kuzera inze, twoba turiko turatera iteka ridasanzwe igihugu c'Uburundi, ndetse tukaba icitegererezo no ku bindi bihugu.

Mu bisata vya Reta, indongozi ziriyo, umwe wese kubimwerekeye, ategerezwa kwama ariko ariyumvira imigabo n'imigambi iteza imbere ico gisata, ntakurindira ngo umunyamahanga niwe azoza kutwereka ingene dutunganya imigambi yo kwiteza imbere no guteza imbere igihugu.

Muri rusangi, abenegihugu bose basabwa gukura amaboko mu mpuzu bakaja ku kivi, atawe barinze guhanga amaso, na kare abarundi barayamaze ngo ak'imuhana kaza imvura ihise.

Ikigo ca leta kijejwe guteza imbere agateka ka zina muntu no gukinga ihonyabwoko

«CPDHPG»

“Igikorwa cose kibonekere ku mwimbu, umurundi wese aroranirwe.”(Ibikurikira)

(Bitangurira ku rup.9)

b) Kugira dutsimbataze intwari ibereye, umuntu wese yatewe iteka ryo kuba Umuyobozi Mukuru w'igisata c'igihugu, nafate akanya imbere y'uko umwaka Reta ifatirako mu gukoresha amahera uhera, akoranye abo ajejwe, bisuzume, binegure bongere banegurane, hanyuma bafate ingingo yo guhindura ingendo.

Nsavye ko icegeranyo c'ibizoba vyavuyemwo vyonshikira imbere y'itariki 15 z'ukwezi kwa gatandatu, kibanje kwerekwa Ubushikiranganji mukukira hanyuma na we agishikirize ubuyobozi bw'umushikiranganji wa mbere, kugira tugisuzume turabe icokorwa gishasha kugira turamirere abenegihugu.

Muri icyo cegeranyo, Umuyobozi wese ategere

rezwa kwerekana icyo yakozwe kugira ngo igihugu gitere intambwe mu gisata ajejwe, ntigisubire inyuma canke ntigihombe.

c) Ndasubiye kwibutsa Abarundi bose, abakozi n'abakoresha bakorera mu Burundi no hanze y'igihugu ko iki gihugu ari Uburundi, dutegerezwa kwitwara nk'Abarundi mu vyo dukoravyose, na cane cane tukarangwa n'Ubuntu.

Ntihagire Umurundi asubira kwica umwanocanke ngo ace umwano igihugu c'Uburundi: Uburundi buratunze, hasigaye ko Abarundi bamenya gutunganya ubutunzi bwabo no guhingura ivyo Imana yabahaye.

Bamenye ko izo zibikazari amagi. Aha turi abo

bavuga ko batunze barahaciye, Imana yabo ni yo Mana yacu. Dukuye amaboko mu mpuzu nta nkeka, Uburundi burahagurutse, kandi dutegerezwa gushikira kw'ihangiro: Uburundi bwifashe mu makungu mu 2040.

59. Izo mpanuro muzifashe nkama, urwego nshingwabikorwa rw'igihugu ruzokwama rubateze ugutwi, kandi tugume turondera inzira yo gukarahiriza ubwenge abakozi n'abandi bariko bariyungunganya kugira twese tugire ubushobozi bukwiye mu bikorwa vyacu.

60. Mu gusozera, nasahaka menyeshe ko hagiye kujaho amategeko yerekana akarangamutima k'Umukozi wa Reta y'Uburundi (Code d'Ethique d'un Fonctionnaire

Burundais) kugira ngo umwe wese abone neza inyifato ibereye umukozi w'Umurundi, atahure neza ko hariho kirazira, gurtyo dukorere igihugu ata wusigaye inyuma, Uburundi bugire izina mu makungu.

Nta handi iterambere ry'igihugu rizova atari kuri twe twese nyene Abenegihugu.

61. Ndagije nsubira kwipfuzira Abarundi bose, abakozi n'abakoresha, Umusi mukuru mwiza w'Abakozi n'Akazi.

Imana ihezagire Uburundi n'abarundi Imana ihezagire ivyavuye mu maboko yacu.

Murakoze mwese.

Ndongozi y'Uburundi

Iyimbura rirageze: Ikirangamisi c'iyatirwa mw'ibanga ry'Ubusaserdoti muri Ekleziya y'i Burundi

ITARIKI

02/07/2022

9/07/2022

16/07/2022

23/07/2022

PARUWASE

Mutoyi

Musaga

Bubanza

Rumonge

Nyabitare

Muyinga

Gatara

Kiguhu

DIYOSEZE

Gitega

Bujumbura

Bubanza

Bururi

Ruyigi

Muyinga

Ngozi

Rutana